

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab medar tilu poin, nyaéta: (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi. Dipedar kieu.

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu judulna “Novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa (Ulikan Struktural jeung Romantisme)” ieu miboga tujuan pikeun maluruh struktur carita jeung unsur romantis kucara nganalisis anu aya dina ieu novel. Dina objék anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa anu maluruh ngeunaan struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) jeung aspék romantis (kaintiman, napsu, jeung komitmen). Ngagunakeun tiori Robert Stanton jeung tiori cinta segitiga Robert Sternberg anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Dina métode anu digunakeunna nyaéta déskripsi analisis kalawan téhnik talaah pustaka (studi pustaka).

Struktur carita anu nyangkaruk dina ieu carita nyaéta aya téma, fakta carita, jeung sarana sastra. **Téma** anu aya dina ieu novelét nyaéta ngeunaan kasang tukang kahirupan lara ati jeung cinta. Lantaran dina jalan caritana pinuh ku carita kasang tukang kahirupan dua palaku utama nyaéta Nonon jeung Kuswana anu lara ati jeung tacan ka ungkap. Tapi ahirna dua palaku utama tepung dina waktu nu teu dihaja, ahirna jadi dalit, tuluy tina dalit jadi pakait ati. **Fakta Carita** ngawengku galur, palaku, jeung latar. **Galur** anu digunakeun dina ieu novelét nyaéta galur campuran, anu miboga *back tracking* dina unggal bagéanna jadi henteu terus maju timimiti nepi ka akhir. **Palaku** dina ieu carita aya 40 palaku nu ngalalakonan dina carita, tapi ukur 10 palaku anu digambarkeun watekna. Dina ieu novelét palaku utamana aya dua urang, nyaéta Nonon salaku palaku utama awéwé jeung Kuswana salaku palaku utama lalaki. Dina palaku tambahanana aya tilu puluh dalapan nyaéta aya Bibi, Emang, Kang Ohim, Tiah, Endang, Bi Inoh, Walanda, Van de Bosch, Bupati, Urang Cina, Indung, Bapa, Ita, Hasan, Para wali, Sunan Kalijaga, Ahmad Sadali, Ema, Mang Jaja, Bi Imas, Tatangga, Pa Sutarmen, Kang Barnas, Mang Ili, Kokolot, Urang komunis, Dida, Kho Ping Hoo, Anton,

Affandie, Pa Wahdi, Bah Ajo, Aki, David, Wawan, Indrawan, Pa Lurah, jeung Tentara. **Latar** dina ieu novelét kabagi jadi tilu, nyaéta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. Aya salapan belas latar waktu, nyaéta harita, sakali mangsa, peuting, hiji mangsa, soré, subuh, isuk, minggu payun, welasan taun, mangtauntaun, bada asar, isuk-isuk, wanci isa, beurang, sapeupeuting, bada lohor jeug bida isa, jeung siang. Dina latar waktu anu mindeng kapanggih dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa nyaéta harita, peuting jeung isuk. Dina latar tempat aya lima belas latar tempat nyaéta imah, kelas, jalan, kebon, kamar, sakola, *perkebunan téh*, Bandung, bumi, paméran, Karawang, Babakan Tarogong, lapang, pabrik, jeung kampus. Dina latar sosial aya dua latar sosial nyaéta mijalma jeung rarahulan. **Sarana Sastra** anu ngawengku judul, gaya basa jeung puseur implengan. **Judul** dina judul anu digunakeun dina ieu novelét nyaéta *Carita Anu Duaan* anu miboga maksud yén nyaritakeun kumaha carita dua palaku anu miboga kasang tukang nu tacan kaungap jeung lara ati. **Gaya Basa** dina novelét ieu anu kapanggih nyaéta mijalma, rarahulan. **Puseur Implengan** anu digunakeun dina ieu novelét ku pangarang nyaéta ngagunakeun jalma kahiji salaku palaku utama. Pangarang didieu asup salaku palaku utama anu ngagunakeun gaganti jalma.

Aspék romantis dina ieu novelét henteu sakabéh palaku kapaluruh, panalunistik nyoko kana palaku utama awéwé jeung lalaki. Aspék romantis ieu ngagunakeun tiori cinta segita Robert Sternberg anu kauger ku tilu aspék nyaéta aspék kaintiman, aspék napsu/gairah, jeung aspék komitmen. Dumasar kana hasil analisis, aspék kaintiman antara palaku utama Kuswana jeung Nonon anu kapaluruh larapna konsép aspék kaintiman antara palaku Kuswana jeung Nonon. Konsép aspék kaintiman digambarkeun dina paripolah palaku waktu méré waktu ka jalma nu dipikacinta, rasa émpati ka jalma nu dipikacinta, ku pangarang ngaliwatan kajadian-kajadian dina ieu novelét. Aspék napsu/gairah nu kapaluruh dina ieu novelét nyaéta unggal cinta dina kajadian carita pasti dipangaruhan ku aspék napsu/gairah. Dina ieu novelét digambarkeun ku pamgarang ngaliwatan cara cinta, jsb. Aspék komitmen anu kapanggih dina ieu novelét nyaéta komitmen Kuswana ka Nonon anu leumpang paduaan.

Kacindekan dina ieu novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa nyaéta miboga struktur carita anu lengkep, sanajan dina caritana aya anu ngagantung anu matak jadi panasaran kana kalanjutanana. Kitu deui, dina aspék romantisna lengkep sanajan teu pati ngajelaskeun teuing kana romantisna ukur dina paripolahna. Tapi aspék romantis antara palaku utama dina ieu novelét ngahirupkeun jalan caritana. Salian ti éta, kacindekan dina ieu novelét aya lima poin dumasar pedaran nyaéta struktur carita nu lengkep, carita nu teu ka unggab, patalina jeung unsur carita, carita romantis nu basajan, jeung kacindekan panalungtikan.

## 5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan anu medar ngeunaan hasil analisis struktur carita jeung aspék romantis dina novelét *Carita Anu Duaan* karya Abdullah Mustappa. Katitén dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan tangtuna miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán tina sababaraha aspék, salasahijina dina sumberna anu heureut tapi miboga implikasi dina widang paélmuan. Ku kituna, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambah pangaweruh ngeunaan paélmuan kasustraan jeung bisa ngeuyeuban kamekaran romantisme, hususna dina sastra Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Dina hasil panalungtikan tangtuna aya sawatara rékoméndasi anu ditepikeun ku panyusun pikeun panalungtikan sastra kahareupna nyaéta kieu.

- 1) Perluna panalungtikan sastra, ku kituna panalungtik dipiharep bisa leuwih jero dina nalungtik sastra hususna romantisme.
- 2) Dina ambahan tiori romantisme téh heureut pisan, ku kituna panalungtik sastra kudu bisa leuwih jembar deui dina neuleuman tiori ngeunaan romantisme.
- 3) Perluna panalungtikan kahareupna, lantaran ieu panalungtikan mangrupa bagéan leutik dina ambahan sastra, satulunya dipiharep panalungtik bisa ngagunakeun tiori séjén pikeun ngajembarkeun ulikan ngeunaan sastra.